**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JASLAR SIYASATÍ HÁM SPORT MINISTRLIGI BUYRÍǴÍ**

29«iyul»2023 jıl. **616-A/F-san** Nókis qalası

# «Xizmatlar nazorati» málimleme sistemasın engiziw is-ilájları haqqında

Ózbekstan Respublikası Jaslar siyasatı hám sport ministrliginiń 2023-jılǵı 19-iyuldaǵı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 24-maydaǵı «Sanlı xızmetler kólemin hám sıpatın asırıw hámde taraw, tarmaq hám aymaqlardaǵı sanlı transformaciya qılıw is-ilájları haqqında»ǵı PQ-162-san qararına muwapıq Jaslar siyasatı hám sport ministrligi sistemasındaǵı pullı xızmet kórsetiw imkaniyatları bar bolǵan sport imaratlarda «Xizmatlar nazorat» málimleme sistemasın en jaydırıw boyınsha 01/957-A/F-sanlı buyrıǵınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde

**B U Y Í R A M A N:**

1. Ózbekstan Respublikası Jaslar siyasatı hám sport ministrliginiń 2023-jılǵı 19-iyuldaǵı 01/957-A/F-sanlı buyrıǵı orınlaw ushın qabıl etilsin.

2. Jaslar siyasatı hám sport ministrligi (keyingi orınlarda tekstte ministrlik dep júritiledi) sistemasındaǵı pullı xızmet kórsetiw imkaniyatı bar bolǵan sport imaratlarında **«ERP Sport» birden-bir elektron basqarıw sistemasınıń tómengi «Xizmatlar nazorati» málimleme sisteması** (keyingi orınlarda «Xizmatlar nazorati» málimleme sisteması dep júritiledi) arqalı ámelge asırılsın.

3. Ózbekstan Respublikası Jaslar siyasatı hás sport ministriniń 2023-jıl 7-iyuldaǵı "Ózbekstan Respublikası Jaslar siyasatı hám sport ministrligi sistemasındaǵı ayırım mámleket sport bilimlendiriw shólkemlerin basqıshpa-basqısh belgili bir bólegin ózin-ózi qarjılandırıw sistemasına ótkeriw boyınsha is-ilájların belgilew haqqında"ǵı 01/888-A/F-san buyrıǵına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası hám aymaqlardaǵı **Suw sport túrlerine qánigelestirilgen sport mektepleri** hámde **Suw sportı túrleri boyınsha Respublika joqarı sport sheberlik mektebi** usı jıldıń 1-oktyabrinen baslap belgili bir bólegin ózin-ózi qarjılandırıw sistemasına ótkeriliwi **maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.**

4. Jaslar siyasatı hám sport ministrligi sistemasındaǵı **pullı xızmet kórsetiw imkaniyatı bar sport imaratları dizimi 1-qosımshaǵa**, zárúr texnik qurılmalar,

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: CT66719415

sonday-aq turniket (lazer datchikli) hám video jazıwshı qurılmaların **satıp alıw parametrleri 2-qosımshaǵa** muwapıq tastıyıqlansın.

5. Oraylasqan buxgalteriya xizmeti bólimi **(Z.Urazimbetova)**ǵa Jaslar siyasatı hám sport ministriniń 2023-jıl 7-iyuldaǵı 01/888-A/F-san buyrıǵına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı Suw sport túrlerine qánigelestirilgen sport sheberligi mekteplerinde pullı xızmet kórsetiw júzinen mámleket jeke sherikshilik shártnamalarında usı buyrıqtıń 2-qosımshasına muwapıq texnik qurılmalar, sonday-aq, turniket (lazer datchikli) hám video jazıp alıw qurılmaların ornatıw boyınsha jeke sherikliklerge usınıs etiliwin támiynlew wazıypası júkletilsin.

6. Qaraqalpaqstan Respublikası Jaslar siyasatı hám sport ministrligi sistemasındaǵı shólkemlerge usı buyrıqtıń 1-qosımshasına muwapıq óz quramındaǵı sport imaratlarında pullı xızmetlerin jolǵa qoyıw ushın usı mákemeniń byudjetten tısqarı qárejetleri yamasa aymaqlıq byudjet qárejetleri esabınan zárúr texnik qurılmalar, sonday-aq turniket (lazer-datchikli) hám video jazıp alıw qurılmaların usı buyrıqtıń 2-qosımshasına tiykar satıp alıw, ornatıwdı shólkemlestiriw, sonday-aq, joqarı tezlikli internet tarmaǵı hámde statik-IP mánzili menen támiyinlew wazıypası júkletilsin.

7. Málimleme-kommunikaciya texnologiyaların engiziw hám sanlastırıw bólimi bas qánigesi **(O.Turǵanbaev)**qa **usı jıldıń aqırına shekem** «Xizmatlar nazorati» málimleme sistemasın «Raqamli hukumat» sisteması hám Birden-bir interaktiv mámleketlik xızmetler portalına integraciya qılıw is-ilájların kóriw wazıypası júkletilsin.

8. Kancelyariya **(B.Tolıbaev)**ǵa:

- usı buyrıq penen ministrliktiń tiyisli mákeme hám shólkemleri, bólimleri tanıstırılsın;

- usı buyrıq nusqasın bir kún múddetde sport-tálim mákemelerine hám shólkemlerine jiberiw wazıypası júkletilsin.

9. Usı buyrıq orınlanıwın qadaǵalawdi óz juwapkershiligimde qaldıraman.

**Ministr** **A.Allanazarov**